



Pou Piblikasyon Imedya: 11/23/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO EFÒ NAN ETA NEW YORK POU EDE KONBAT TEWORIS

***Nouvo “Wè Yon bagay Voye Yon bagay” [aplikasyon mobil](#) ap ede Nouyòkè yo rapòte aktivite sipèk***

***46 Nouvo Ofisye Lapolis MTA ap ranfòse ogmantasyon patwouy Anti-teworis***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse de nouvo efò pou amelyore abilite Eta New York pou lite kont teworis. Nouvo kanpay “See Something, Send Something” ankouraje Nouyòkè yo pou rapòte aktivite sipèk grasa yon senp aplikasyon mobil sou smart phone yo. Aplikasyon an disponib pou telechaje [la](#). Anplis, Metropolitan Transportation Authority ap anboche 46 lòt ofisye lapolis pou ogmante kapasite anti-teworis nan Grand Central Terminal, Penn Station ak nan tout sistèm Metro-North Railroad, Long Island Rail Road ak Staten Island Railway.

“Nouvo efò sa yo se pati esansyèl nan lit nou kont teworis,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nou te entansifye preparasyon nou apre atak Paris a, e nap kontinye rete vijilan kont moun sila yo kap pwopaje laperèz ak vyolans. Malgre anpil soufrans ak pèt ke atak teworis nan mond lan te koze moun nan eta sa, fanmi New York kanpe pifò pase anvan.”

“Wè yon Bagay, Voye yon Bagay “ ap pèmèt nenpòt moun kaptire aktivite sipèk tankou yon foto oswa yon nòt alekri epi voye enfòmasyon an nan Sant Entelijans Eta New York. Apati de la, yap egzamine konsèy la e si li enpòtan, voye l bay ajans lapolis ki apwopriye. Anons sèvis piblik ap pwomote kanpay la (gade [la](#) ak [la](#)) li pral difize nan biwo DMV ak zòn sèvis yo ansanm avèk sou otowout yo nan eta.

Lè yo itilize aplikasyon an, sa ke itilizatè iPhone and Android ka telechaje gratis, pa gen enkyetid osijè kimoun ki voye konsèy la oswa ki nimewo telefòn pou rele—itilizatè yo ka tou senpleman voye yon foto sou aktivite ke yo sipèk la lè yo itilize kamera aparèy yo a, yap chwazi yon foto nan bibliyotèk li, oswa yon nòt alekri. Li gen ladan tou enfòmasyon sou kisa pou gade ak lè pou rapòte aktivite sipèk. Sèvis la deja disponib nan Colorado, Louisiana, Ohio, Pennsylvania ak Virginia.

Nan fason pou kenbe aplikasyon an santre sou sekirite, itilizatè yo ta dwe rapòte sèlman konpòtman ak sitiyasyon sispèk (egzanp., yon sakado ki san siveyans oswa yon sak dokiman nan yon plas piblik) olye ke kwayans, panse, lide, ekspresyon, asosyasyon, oswa diskou ki pa gen rapò avèk teworis oswa lòt aktivite kriminèl. Aplikasyon an **pa** ranplase 911 e yo pa ta dwe itilize l pou yon lòt moun ki bezen èd lapolis touswit oswa pou rapòte yon ijans. Nan ka yon menas imedyat oswa ijans, rele 9-1-1 touswit.

**Sipè-entandan Lapolis Eta New York Joseph A. D'Amico te deklare,** “Pwosesis pou rezoud pwoblèm krim, pataje-konsèy ap evolye epi se konsa Lapolis Eta New York ye. Aplikasyon sa travay non sèlman tankou yon liy telefòn dirèk tradisyonèl pou pote rapò sou krim, sof si li disponib avèk touch yon dwèt sou yon aparèy pou kenbe nan men. Si ou wè yon bagay ki kapab relye avèk teworis, voye yon bagay. Konsèy ou a ka bay enfòmasyon enpòtan ki te kapab anpeche yon trajedi.”

**John P. Melville, Komisyone Sèvis Ijans ak Divizyon Sekirite Enteryè, te deklare,** “Li enpòtan pou sonje ke tout Nouyòkè yo gen yon wol pou jwe pou kenbe eta nou an ansekirite. Sitwayen yo gen yon obligasyon pou rapòte aktivite sispèk si yo wè yon bagay ki pa nòmal oswa yon bagay ki kapab gen potansyèl pou deranje lòt moun. Nouvo aplikasyon an bay moun yo yon fason adisyonèl pou alète otorite yo sou posib menas.”

46 nouvo Ofisye Lapolis MTA ap bay anplwaye nan travay anti-teworis nan Grand Central ak Penn Station, ansanm avèk lòt deplwaman yo pou asire ke vwayaj piblik pwoteje nan rezo MTA a. Ofisye yo enkli nan Pwopozisyon Bidjè Final 2016 MTA e lap gen yon enpak apeprè de \$3 milyon. Konsèy administrasyon MTA prevwa pou l konsidere bidjè a nan mwa desanm.

Tout manm yo nan Depatman Lapolis MTA te fòme nan teknik pou kontrekare tirè aktif yo, tankou sila yo ki te enplike nan resan atak teworis lòt kote nan mond lan. Olye pou yo rete tann pou Ekip Inite Sèvis Ijans ki ame anpil rive, yo anseye ofisye yo pou angaje touswit, kwense epi netralize nenpòt posib menas nan fason pou diminye aksidan.

Anplis, plis pase 90 pousan nan pèsone ki nan premye ran nan tout ajans operasyon MTA yo te fòme sou fason pou pwoteje kliyan yo ak tèt yo de yon tirè aktif. Travayè yo nan Transpò tren ak otobis Vil New York, Staten Island Railway, LIRR ak Metro-North te aprann kijan pou evalye lokasyon yo kote yo ka kouri oswa kache san danje si ta gen anpil kout zam.

**Prezidan MTA Tom Prendergast te deklare,** “Depatman Lapolis MTA se yon fòs solid pou plis pase 700 ofisye ki angaje pou pwoteje transpòtasyon chemendefè reyon nou an, e plizyè douzèn nouvo ofisye sa yo ap ranfòse patwouy regilye anti-teworis nan tèminal ki gen wo vizibilite yo. Ofisye yo okouran ke yo pwoteje nan yon sèvis enpòtan, e prezans yo nan gwo estasyon tren yo ap sèvi kòm yon prevansyon vizib ansanm avèk yon faktè desiziv pou rapidman kontrekare nenpòt menas.”

Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans te bay enfòmasyon sou kijan pou anpeche teworis ak detekte aktivite sispèk [la](#).

Konsèy sa yo enkli:

- Konnen woutin nòmal kote wap viv ak travay.
- Okouran sa kap pase bò kote w, enkli moun sispèk, otomobil kourye, pake; oswa malèt ki abandone nan yon kote ki gen anpil moun tankou nan yon sant dacha ayewopò.
- Fè atansyon a moun kap anrejisre, gade oswa foto ki pa nòmal oswa siveye aktivite, espeyalman toupre enfrastrikti enpòtan.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418